

# JÈM YO KAPAB VIV NAN APARÈY YO.

## KI KOTE RISK LA YE?

Nou dwe konnen ki kote jèm yo ap viv pou kanpe l epi pwoteje pasyan yo



- Lè yo itilize yon aparèy sou pasyan an, tankou yon oksimèt poul pou bay swen, nenpòt jèm ki nan aparèy la kapab pwopaje nan espas sa a oswa nan kò pasyan an.
- Lè yo mete yon aparèy nan kò pasyan an, tankou yon piki entravenez, yon andoskòp, oswa yon anch atifisyèl, nenpòt jèm nan aparèy la kapab pwopaje nan kò a.
- Si w pa byen jere l, lè w ap pataje aparèy medikal yo li kapab pwopaje jèm yo soti nan yon pasyan pou ale jwenn yon lòt moun.

## Jèm Yo Kapab Viv nan Aparèy yo

- *Staphylococcus aureus* (stafilokòk li gen ladan l MRSA)
- *Streptokòk* (strep)
- *Candida* (li gen ladan l *C. auris*)
- Bakteri nan entesten tankou *E. coli*, *Klebsiella*, ak *C. difficile* (*C. diff*)



## Tach Swen Sante ki Enplike Aparèy yo

- Chiriji ak pwosedi tankou koloskopi
- Kòmanse Entravenez yo
- Pran siy vital yo

## Mezi pou Kontwòl Enfeksyon pou Diminye Risk yo

- Netwayaj ak dezenfeksyon
- Aparèy pou esterilize
- Ijyèn men
- Itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl (gan yo)